Pou Piblikasyon Imedya: 01/08/2022 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEMARAJ PWOJÈ REYABILITASYON PAVE POU 6.7 MILYON DOLA NAN I-87 NAN KONTE ORANGE

Pwojè a gen ladan l reparasyon ak refè sifas Thruway la

Amelyorasyon sekirite yo enkli nouvo ray gidaj, makaj liy ak delineyatè wout ki odib

Yo prevwa pou travay yo fini pandan sezon prentan 2023

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a demaraj yon pwojè reyabilitasyon pave pou 6.7 milyon dola sou Thruway Eta New York (I-87) nan Konte Orange. Travay la pral kouvri yon twonson ki mezire 4 km ant Woodbury rive jis nan nò sòti 16 la nan Harriman, yon koridò ke apeprè 92,000 veyikil vwayaje ladan chak jou.

"Koridò nan sid Hudson Valley sa a se yon lyen santral pou komès nan sid Konte Orange ak otomobilis ki itilize Route 17, epi envesti nan pwojè sa a pral amelyore sekirite epi amelyore sifas machin pou pasaje yo ak machin komèsyal yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an te fè rekonstwi enfrastrikti transpò nou an yon pi gwo priyorite, e dènye envestisman sa a pral ede asire vwayaje amelyore ak vwayaj an sekirite pou moun ak machandiz yo."

Pwojè a gen ladann rekonstwi twa liy pavaj alafwa nan direksyon nò ak nan direksyon sid lè li fè operasyon frezaj ak enkristasyon nan yon pwofondè de pous soti nan poto kilometrik 43.5 rive nan poto kilometrik 46, ki kouvri plis pase 24 km liy total. Anplis de sa, yo pral retire epi ranplase dal beton sou ranp direksyon nò yo nan sòti 16 (Harriman - US Route 6 - NY Route 17). Amelyorasyon sekirite yo gen ladan nouvo tren gidaj, plis trasaj liy ki vizib, ak nouvo delineyatè wout ki odib sou akotman yo.

Bidjè 2022 Otorite Thruway (Thruway Authority) apwouve a envesti yon total 397 milyon dola pou sipòte Pwogram Kapital Otorite Thruway la. Anplis de sa, jiska 2026, Pwogram Kapital Thruway la pwograme pou l envesti 1.9 milya dola nan pwojè kapital yo. Sa gen ladan 1.65 milya dola pou pwojè nan tout sistèm lan nan Thruway la.

Direktè Egzekitif Otorite Thruway a, Matthew J. Driscoll te deklare, "Sa a se yon seksyon enpòtan nan Thruway la paske li sèvi yon sant komèsyal enpòtan ak popilè nan sid Kone Orange, ki gen ladan Woodbury Common Premium Outlets. Nou rete angaje nan envesti nan pwojè ki bay yon eksperyans kondwi san danje epi ki fyab pou vwayajè, touris ak biznis yo."

Senatè Eta a, James Skoufis te deklare, "Mwen kontan wè amelyorasyon ki nesesè sa yo ap kòmanse epi mwen rekonesan anvè rezidan lokal yo pou pasyans yo pandan Otorite Thruway la ap konplete pwojè sa a nan non 92,000 veyikil ki kondui sou 4 km sa a chak jou. Nan travay ak Gouvènè a ak patnè lejislatif yo, reparasyon enfrastrikti enpòtan sa yo se priyorite mwen goumen li pou chak sezon bidjetè."

Manm Asanble Colin J. Schmitt te deklare, "Rezidan lokal yo ak vizitè yo pral benefisye envestisman 6.7 milyon dola sa a nan Thruway Eta New York la nan Vil Woodbury pou renove ak amelyorasyon sekirite. Mwen mete ansanm ak lidè gouvènman parèy mwen yo pou sipòte totalman pwojè sa a ak enpak pozitif li pral genyen sou twonson wout sa a ke yo frekante anpil ki sèvi kòm yon pòtay nan Hudson Valley ak tout nò Eta New York."

Kad Egzekitif Konte Orange, Steven M. Neuhaus, te deklare, "Sa a se yon pwojè enpòtan pou vwayajè ak vizitè Konte Orange yo epi mwen remèsye gouvènè a dèske li te adrese sant enpòtan sa a sou Thruway la. Amelyorasyon sa yo pral pèmèt nou kontinye komèsyalize koridò ekonomikman vital sa a pou kwasans ak atraksyon tankou Woodbury Common ak LEGOLAND New York nan ekspozisyon."

Tout travay la pral fèt lannwit pou limite enpak sou trafik epi yo prevwa l ap fini nan prentan 2023.

Kubricky Construction Corp., nan Wilton, N.Y., se kontraktè pwojè a.

Chofè veyikil amotè yo gendwa jwenn gen liy ki fèmen sou otowout lan ansanm ak chanjman nan mouvman sikilasyon an ak andwa kote machin yo dwe ret kanpe pandan travay konstriksyon yo ap fèt. Tout travay la depann de si ap fè bontan epi kapab gen chanjman.

Yo ankouraje chofè veyikil yo pou yo rete veyatif epi respekte limit vitès ki afiche nan zòn travo yo epi y ap raple yo ke amann yo double pou vitès nan yon zòn travay. Konfòmeman ak Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay (Work Zone Safety Act) yo, kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon vitès limit nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans yon moun.

Vizite thruway.ny.govpou jwenn mizajou sikilasyon an tan reyèl. Chofè veyikil amotè yo kapab telechaje aplikasyon mobil gratis Otorite Thruway la epi enskri nan TRANSalerts pou jwenn enfòmasyon konsènan sikilasyon an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418